



MASSACHUSETTS
**Department of
Early Education and Care**

Egzijans Konfòmite pou Founisè Swen Timoun Enfòmèl ki Finanse (ki pa manm fanmi an)

Depatman Edikasyon ak Swen Bonè Massachusetts (EEC) responsab pou règleman edikasyon ak pwogram swen bonè ak pou bay asistans finansye pou sèvis swen timoun pou fanmi ki gen revni fèb, enfòmasyon ak sèvis referans, sipò pou elvasyon timoun pou tout fanmi yo, ak opòtinite devlopman pwofesyonèl pou anplwaye nan domèn edikasyon ak swen bonè. Misyen EEC a se bay fondasyon ki sipòte tout timoun nan devlopman yo kòm elèv k ap aprann tout lavi yo ak manm kominote a ki kontribye epi sipòte fanmi yo nan travay esansyèl yo kòm paran ak founisè swen.

Dapre lwa ak règleman Federal nan 45 CFR Pati 98.11(b)(2) ak (8), EEC se Ajans Prensipal ki responsab pou administre Fon Devlopman Swen Timoun (CCDF) nan Massachusetts. Nan mwa novanm 2014, Kongrè a te re-otorize Sibvansyon Blòk Devlopman Swen Timoun (CCDBG), ki se lwa federal ki otorize CCDF. Objektif lwa a se pi byen ankouraje sante ak sekirite timoun yo nan edikasyon bonè ak anviwònman swen timoun, tankou sila yo ki dispans de lisans oswa ki gen dwa fonksyone legalman san yon lisans epi resevwa finansman CCDF. An konfòmite avèk CCDBG, pwogram edikasyon ak swen bonè ki resevwa finansman CCDF pou swen timoun sibvansyone ki fonksyone andeyò lisans pou egzèse a pral kounye a depann de egzijans adisyonèl pou sante, sekirite, ak siveyans.

Dokiman sa a gen **Egzijans Konfòmite pou Founisè Swen Timoun Enfòmèl ki Finanse** ("Egzijans Konfòmite"), tankou sa yo ki pral revize pa anplwaye EEC pandan vizit anyèl sou plas. Egzijans Konfòmite sa yo pa aplikab pou pwogram EEC ki gen lisans ki sijè a 606 CMR 7.00 et seq. Nan devlope Egzijans Konfòmite sa yo, EEC te chèche bati sou fòs sistèm lisans ak bon jan kalite pwogram ki egziste deja yo, mete timoun ak fanmi yo an premye, epi yo fleksib, transparan, ak responsab.

Tout egzijans sante ak sekirite ki enkli nan dokiman sa a dwe aplike pou Founisè Swen Enfòmèl Finansye pou Timoun yo, kote:

- **Timoun nan oswa timoun yo pa fanmi moun k ap bay swen an, epi**
- **Swen an ap fèt nan kay timoun nan k ap resevwa swen sibvansyone.**

Definisyon

Timoun – Nenpòt moun ki poko gen 14 ane, oswa 16 ane ki gen bezwen espesyal.

Maladi Transmisib – Yon maladi ki gaye de yon moun a yon lòt nan yon seri fason, tankou vwayaje nan lè a, kontak ak likid kòporèl, kontak ak yon sifas ki kontamine, objè, manje oswa dlo, ak mòde sèten bèt oswa ensèk.

Depatman – Lè li itilize pou kont li, li vle di Depatman Edikasyon ak Swen Bonè.

Dezenfekte - Dezenfekte (apre netwayaj ak savon ak dlo) se tretman apwopriye pou sifas oswa ekipman kote kontak san danje mande pou mikwòb yo detwi. Dezenfekte se tretman apwopriye pou ekipman ak sifas ki enplike nan twalèt/kouchèt ak netwayaj san ak lòt likid kòporèl.

EEC – Depatman Edikasyon ak Swen Bonè Massachusetts; vle di tou "Depatman"

Swen Timoun ki finansè – Swen timoun ki ka administre legalman san yon lisans EEC epi ki resevwa finansman CCDF pou sèvi youn oswa plis timoun.

Founisè ki pa Fanmi ki Bay Swen Enfòmèl ak Finansè pou Timoun ("Founisè") – Moun ki responsab pou swen sibvansyone ak siveyans yon timoun kote li bay swen an lakay timoun nan epi timoun nan pa fanmi moun k ap bay swen an.

Pwofesyonèl Swen Sante – Yon doktè, asistan doktè oswa enfimye pratikan.

Tibebe - Yon timoun ki gen mwens pase 15 mwa.

Maladi ki Transmèt Fasilman - Yon maladi ki koze pa yon òganis (tankou yon bakteri, viris, chanpiyon, oswa parazit) ki ka gaye de moun a moun atravè likid kòporèl oswa espre respiratwa, avèk oswa san yon ajan pòtè (tankou yon pou, moustik) oswa ekspozisyon a òganis nan anviwònman an (tankou yon sifas tab, pwanye wobinè, oswa manje oswa dlo kontamine).

Paran- Papa oswa manman, responsab legal, oswa moun oswa ajans legalman otorize pou aji sou non timoun yo nan plas, oswa an kolaborasyon ak, papa a, manman an, oswa responsab legal la.

Lokal – Etablisman an oswa rezidans prive ke yo itilize pou swen bonè ak edikasyon timoun yo ak espas deyò kote etablisman an oswa rezidans prive a sitiye.

Pwogram – Yon òganizasyon oswa yon moun ki bay sèvis edikasyon ak swen timoun. Pwogram yo ka gen ladan swen pou timoun nan fanmi, ti gwoup ak laj lekòl oswa gwo gwoup ak swen pou timoun ki gen laj lekòl, swen enfòmèl finansè, swen ki baze sou sant finansè, ak Pwogram kan ete finansè.

Aseni – Dezenfeksyon (apre netwayaj avèk savon ak dlo) se tretman apwopriye pou pifò ekipman ak sifas nan pwogram edikasyon ak swen bonè. Asenisman sifas yo diminye ase mikwòb pou diminye risk pou vin malad nan kontak avèk sifas sa yo.

Timoun Laj Lekòl - Yon timoun jadendanfan, oswa yon timoun ki ale nan yon lekòl primè piblik oswa prive apwouve.

Swen Timoun Sibvansyone - Swen timoun ki omwen pasyèlman finansè pa resous piblik oswa karitatif pou diminye depans pou fanmi yo.

51A – Yon rapò ki fèt bay Depatman Timoun ak Fanmi chak fwa yo sispèk abi oswa neglijan an vè yon timoun ki poko gen 18 ane.

Sa ki nan Dokiman sa a

Definisyon	2
Egzijans Konfòmite.....	4
9.01 : Prevansyon ak Kontwòl Maladi ki Transmèt Fasilman	4
(1) Lave men kòrèkteman	4
(2) Netwaye, Aseni, ak Dezenfekte Kòrèkteman.....	4
(3) Prekosyon nan zafè Sante	5
9.02 : Pratik Somèy an Sekirite	5
(1) Politik ak pratik somèy an sekirite.....	5
9.03 : Administrasyon Medikaman	5
(1) Administrasyon, Makaj, ak Estokaj Medikaman	5
(2) Bezwen Swen Sante Endividyèl	6
9.04 : Prevansyon ak Repons nan Ijans	6
(1) Planifikasyon Ijans	6
(2) Preparasyon pou Ijans	6
(3) Sòti Ijans	7
(4) Enfòmasyon sou Ijans	7
(5) Pratik egzèsis ijans chak mwa	7
(6) Twous Premye Swen byen reyini epi fasil pou jwenn	7
(7) Disponiblite telefòn ki fonksyone	7
9.05 : Sekirite kont Dife	7
(1) Sekirite kont Dife	7
9.06 : Sekirite Bilding ak Lokal Fizik.....	8
(1) Espas Andedan kay la	8
(2) Espas Deyò.....	8
(3) Aksè nan Zòn ki pa an Sekirite	8
(4) Objè Danjere ak Sibstans Toksik.....	9
(5) Zam afe.....	9
(6) Fimen, Dwòg, ak Itilizasyon Alkòl	9
9.07 Siveyans Apwopriye ak Prevansyon Move Tretman	9
(1) Siveyans	9
(2) Pratik Entèdi	10
(3) Rapò obligatwa.....	10

9.08 Gwosè Gwoup la ak Rapò Granmoun-Timoun 10	
(1) Rapò Granmoun-Timoun ak Kapasite	10
9.09 : Transpò	11
(1) Plan transpò, politik, ak pwosedi an plas	11
9.10 : Kenbe Dosye	11
(1) Kenbe dosye konplè ak egzat - dosye timoun yo	11
(2) Kenbe dosye konplè ak egzat – Dosye Founisè	11
9.11 : Notifikasyon Obligatwa	12
(1) Politik notifikasyon an plas.....	12
9.12 : Fòmasyon ak Kalifikasyon Founisè	12
(1) Fòmasyon ak Kalifikasyon Founisè	12
9.13 : Verifikasyon Pase	13
(1) Verifikasyon Pase	13
9.14 : Aplikabilite ak Aplikasyon	13
(1) Aplikabilite ak Aplikasyon	13

Egzijans Konfòmite

Tout founisè swen enfòmèl ki finanse yo dwe demontre yo konfòme yo avèk egzijans sa yo pou yo kontinye resevwa finansman CCDF pou bay swen sibvansyone pou timoun. EEC pral detèmine konfòmite atravè itilizasyon vizit siveyans anonse ak vizit siveyans ki pa anonse.

9.01 Prevansyon ak Kontwòl Maladi ki Transmèt Fasilman yo

- (1) **Lave men kòrèkteman**
 - (a) Granmoun ak timoun yo dwe lave men yo ak savon likid ak dlo k ap koule, nan itilize friksyon, dapre direktiv Depatman Sante Piblik yo. Men yo dwe seche ak sèvyèt endividyèl oswa jetab oswa sechwa men otomatik. Itilizasyon sèvyèt komen yo entèdi.
 - (b) Lavabo yo itilize pou lave men apre kouchèt oswa twalèt yo dwe separe de enstalasyon ak zòn yo itilize pou preparasyon manje ak sèvis manje.
- (2) **Netwayaj apwopriye, aseni, ak dezenfekte**
 - (a) Yo dwe kontwole pwòpte ekipman, materyèl, atik, ak sifas, lave avèk savon ak dlo, epi dezenfekte yo oswa aseni yo an tout sekrite jan sa nesèsè pou kenbe yon anviwònman ijyenik, an konfòmite ak politik EEC a.
 1. Yo pa dwe itilize pwodui asenisman, ak dezenfeksyon tou pre timoun yo; epi
 2. Yo dwe kenbe vantilasyon apwopriye pandan itilizasyon tout pwodui netwayaj, asenisman, ak dezenfeksyon.

- (b) Solisyon yo itilize pou aseni oswa dezenfekte ekipman, materyèl, atik, oswa sifas yo dwe swa yon solisyon klowòks prepare an konfòmite avèk direktiv EEC oswa yon solisyon komèsyalman prepare ki te anrejistre swa kòm yon pwodui asenisman oswa yon dezenfektan (jan sa apwopriye) pa Ajans Pwoteksyon Anviwònman an.

(3) **Prekosyon nan zafè Sante**

- (a) Founisè a dwe swiv direktiv kontwòl enfeksyon (pa Sant pou Kontwòl Maladi) ki fèt pou pwoteje moun kont ekspozisyon a maladi san, likid kòporèl oswa eskresyon ki ka gaye maladi ki transmèt fasilman. Prekosyon yo enkli, men pa sèlman, itilizasyon ekipman pwoteksyon pèsònèl, veso jan sa apwopriye pou jete dechè kontamine, lave men ak manipilasyon apwopriye tretman kòporèl.
 1. Yo dwe itilize gan ki pa laktèks pou netwaye san ak likid kòporèl yo.
 2. Gan yo itilize ak tout lòt materyèl ki gen san oswa lòt likid kòporèl yo dwe jete nan yon veso double ki kouvri.
 3. Rad ki kontamine yo dwe fèmen nan yon veso an plastik oswa nan yon sache epi retounen bay paran an nan fen jounen an.

9.02 Pratik Dòmni an Sekirite:

(1) **Politik ak pratik dòmi an sekirite**

- (a) Founisè a dwe swiv pratik dòmi an sekirite, jan Akademi Pedyatri Ameriken ak Politik Dòmni an Sekirite EEC rekòmande sa, toutan.
 1. Yo dwe mete tibebe yo sou do yo pandan y ap dòmi, sof si pwofesyonèl swen sante timoun nan bay lòd kontrè alekri;
 2. Tibebe ki gen mwens pase sis mwa nan moman enskripsyon an dwe anba sipèvizyon vizyèl dirèk tout tan, tankou pandan y ap dòmi, pandan sis premye semèn yo nan swen;
- (b) Kabann timoun, pak pou timoun, kabann timoun piti, oswa basinèt yo itilize pou dòmi dwe satisfè egzijans ak direktiv sekirite aktyèl Komisyon Sekirite Pwodui Konsomatè ak Sosyete Ameriken pou Tès ak Materyèl.
 1. Espas ant lat yon kabann timoun pa dwe plis pase $2\frac{3}{8}$ pou;
 2. Bèsò yo dwe gen yon matla fèm ki byen ajiste ak yon dra pwòp ki byen ajiste;
 3. Kabann ki itilize pou timoun ki gen mwens pase 12 mwa dòmi pa dwe gen okenn zòn kote tèt timoun ka pyeje;
 4. Bèsò, bèsò pòtab, pak pou bebe oswa basinèt yo itilize pou tibebe ki poko gen 12 mwa dòmi pa dwe gen zòrye, konfòtè, kouvèti, kousen pwoteksyon, bèt boure, oswa okenn lòt materyèl mou; epi
 5. Syèj machin, balansin, epi lòt dispozitif pou chita pa dwe itilize pou tibebe dòmi.
- (c) Founisè a dwe gen yon politik dòmi an sekirite ki kominike bay paran yo epi ki konfòm avèk Politik Dòmni an Sekirite EEC a.

9.03 : Administrasyon Medikaman

(1) **Administrasyon, Makaj, ak Estokaj Medikaman yo**

- (a) Se paran timoun nan ki dwe ba li nenpòt kalite medikaman tankou, men pa sèlman, medikaman oral ak lokal, swa sou preskripsyon oswa san preskripsyon, founisè a administre yon timoun. Yo pa dwe administre okenn medikaman san konsantman paran an alekri.

- (b) Medikaman sou preskripsyon ki dwe administre pa Founisè a dwe nan veso kote yo te inisyalman distribye ak make pa famasyen an, tankou dat preskripsyon an te ranpli a ak enstriksyon klè pou administre l.
- (c) Medikaman yo dwe estoke nan bon kondisyon ijyèn, prezèvasyon, sekirite, ak pwoteksyon tout tan. Tout medikaman yo dwe estoke nan tanperati apwopriye, lwen manje, ak inaksesib a timoun yo tout tan, sof si gen endikasyon kontrè nan plan swen sante timoun nan.
- (d) Founisè a dwe dokimante tout medikaman ki administre, an konfòmite avèk direktiv ECC yo, tankou non medikaman an, dozaj, tan ak metòd administrasyon an.

(2) **Bezwen Swen Sante Endividyèl**

- (a) Founisè a dwe gen pwosedi pou idantifye timoun ki gen alèji epi pwoteje timoun yo kont sa yo alèjik avèk li a.
- (b) Founisè a dwe swiv enstriksyon paran yo ak/oswa doktè timoun nan konsènan tout alèji alimantè, preparasyon, ak alimantasyon rejim espesyal pou timoun nan.
- (c) Enfòmasyon sou alèji ak lòt pwoblèm medikal koni yo dwe fasilman disponib tout tan, epi yo dwe akonpaye timoun nan chak fwa li kite kay la anba sipèvizyon Founisè a.

9.04 : Prevansyon ak Repons pou Ijans

(1) **Planifikasyon an Ijans**

- (a) Founisè a dwe gen yon plan alekri ki detaye pwosedi pou satisfè ijans potansyèl tankou, men pa sèlman, timoun ki disparèt, evakyasyon timoun yo nan kay la si gen yon dife, dezaz natirèl, pàn elektrisite, chalè oswa dlo cho oswa lòt sityasyon ijans. Plan an dwe gen ladan, men pa sèlman:
 1. yon metòd pou jwenn enfòmasyon nan men otorite lokal yo pou detèmine si yo ta dwe evakye oswa abrite an plas si gen yon dezaz natirèl;
 2. wout pou chape nan chak etaj;
 3. yon kote ki dezyen pou rankontre deyò epi lwen mezon swen timoun lan;
 4. yon metòd pou kontakte depatman ponpye a oswa lòt otorite apwopriye apre yo fin evakye kay la;
 5. yon metòd kominikasyon ak paran yo pou si gen yon evakyasyon ijans epi notifye EEC ak Depatman Timoun ak Fanmi yo (DCF), si sa nesèsè; epi
 6. yon mwayen pou asire pa gen okenn timoun ki rete nan kay la apre evakyasyon an.

(2) **Preparasyon pou Ijans**

- (a) Founisè a dwe prepare pou jere tout sityasyon ijans yo yon fason apwopriye.
 1. Founisè a dwe konnen ki kote enfòmasyon medikal timoun yo ye, twous premye swen an, ak tout pwosedi sante ak sekirite ki gen rapò ak swen timoun nan kay la, tankou pwosedi ijans, pwosedi premye swen, ak plan sante endividyèl timoun yo.

2. Founisè a dwe kapab kominike enfòmasyon debaz sou ijans bay pèsonèl ijans yo.

(3) Sòti Ijans

- (a) Omwen de sòti diferan pou deyò yo dwe aksesib, an sekirite, fasil pou idantifye, epi kenbe lwen obstak nan tout tan, an akò ak politik EEC.

(4) Enfòmasyon sou ijans

- (a) Pandan èdtan swen pou timoun yo, Founisè a dwe asire enfòmasyon sou ijans yo fasilman aksesib, nan ak andeyò lokal swen pou timoun yo. Enfòmasyon sou ijans yo dwe gen ladan:
 1. Rapèl "Rele 911";
 2. nimewo telefòn ak adrès kay la;
 3. nimewo telefòn Sant Kontwòl Pwazon an;
 4. non ak nimewo telefòn yon moun pou sekou ijans;
 5. plas tout medikaman ijans oswa ki sove lavi, tankou men pa sèlman a oto-enjektè epinefrin, inalatè, ak medikaman kont maladi, ki presize pou ki timoun yo ye;
 6. yon lis alèji ak/oswa lòt enfòmasyon medikal ijans paran an bay pou chak timoun;
 7. non, adrès ak nimewo telefòn pedyat timoun nan; epi
 8. anplasman twous premye swen an.

(5) Pratik egzèsis ijans chak mwa

- (a) Egzèsis Pratik sou Ijans Chak Mwa. Pratik egzèsis ijans, evakyasyon, deplasman, ak blokaj yo dwe fèt nan chak etaj nan espas la, omwen chak mwa.
 1. Egzèsis yo dwe fèt pandan diferan moman nan jounen an, epi yo dwe itilize sòti altènatif.
 2. Egzèsis yo dwe dokimante an konfòmite avèk egzijans EEC yo, tankou dat, lè, wout sòti yo itilize, kantite moun ki evakye, ak efikasite chak egzèsis.

(6) Twous Premye Swen byen reyini epi fasil pou jwenn

- (a) Yo dwe konsève ekipman premye swen ki adekwa, tankou, men pa sèlman: tep adezif, pansement, konprès gaz, bandaj a woulo gaz, gan jetab ki pa latèks, konprès frèt enstantane, sizo, ti pens, tèmomèt, ak pwotèj-dan CPR.
- (b) Twous premye swen yo dwe pòtab, fasilman disponib tout tan, epi akonpaye timoun yo nenpòt lè yo kite kay la anba sipèvizyon Founisè a.

(7) Telefòn fonksyonèl disponib

- (a) Founisè a dwe gen aksè a yon telefòn fonksyonèl nan bi pou fè ak resevwa apèl telefòn ijans, kit se nan oswa andeyò lokal swen pou timoun yo, tout tan lè li responsab pou siveye timoun yo.

9.05 Sekirite kont Dife

(1) Sekirite kont Dife

- (a) Detektè lafimen apwouve yo dwe konsève nan kondisyon operasyonèl epi yo dwe lokalize sou oswa tou pre plafon an nan tout kay la, an konfòmite avèk kòd sekirite kont dife ak direktiv yo.

1. Founisè a dwe konsève yon jounal sekirite tès detektè lafimen ki fèt chak mwa.
- (b) Detektè monoksid kabòn apwouve yo dwe kenbe nan kondisyon operasyonèl epi yo dwe lokalize nan tout kay la, an konfòmite avèk kòd sekirite kont dife ak direktiv yo.
- (c) Itilizasyon aparèy chofaj pòtab ak radyatè pòtab pandan lè swen timoun yo entèdi.
- (d) Chemine, recho, ak aparèy chofaj nan espas timoun yo itilize yo dwe gen an plas yon baryè sekirize timoun pa ka travèse tout tan, an konfòmite ak direktiv EEC yo.
- (e) Founisè a dwe nan chanm ak timoun yo chak fwa yo itilize yon chemine.

9.06 Sekirite Bilding ak Lokal Fizik

(1) Espas Andedan kay la

- (a) Tout espas andedan kay yo itilize pou swen timoun yo dwe kontwòle chak jou pou asire li an sekirite, byen antretni, epi li san danje ak risk sante imedyà.
- (b) Tout ekipman jwèt ak mèb yo dwe lib de danje pyejaj.
- (c) Fil ak kòd ki pi long pase sis pous ki pa fè pati materyèl lwazi oswa edikatif, tankou, men pa sèlman, kòd sou rido fenèt, rido oswa parasòl, pa dwe aksesib pou timoun.
- (d) Priz elektrik ki aksesib pou timoun ki poko gen laj lekòl la dwe vin inaksesib gras a yon dispozitif sekirite oswa kouvèti ki anpeche aksè a ouvèti priz yo.
- (e) Yo dwe ranje fil elektrik yo yon fason pou yo pa yon danje pou timoun yo. Fil elektrik yo pa dwe epuize oswa domaje.
- (f) Eskalye ki itilize pa timoun gadri yo dwe ekipe avèk ranp.
- (g) Tanperati dlo nan lavabo timoun yo itilize pa dwe depase 120 ° F.

(2) Espas Deyò

- (a) Tout espas deyò yo itilize pou swen timoun yo dwe kontwòle chak jou pou asire li san danje, byen antretni, epi san danje ak risk sante imedyà, tankou, men pa sèlman, yon lari ki gen anpil trafik, yon pakin, plant toksik, danje dlo, debri, vè kase, ti fragman, penti dekale, machin oswa zouti danjere, ak risk ki asosye a move tan ak anviwònman an oswa ti objè ki ta ka prezante yon risk etoufman pou timoun yo.
- (b) Tout ekipman deyò, materyèl, mèb, ak jwèt yo dwe an sekirite, pwòp, ak an bon eta. Yo dwe solid, konstwi ak enstale an sekirite, yo pa ka ranvèse, rezistan a dife, fasil pou netwaye, epi san penti plon, san klou ki soti, rouye, ak lòt risk ki ka danjere pou timoun yo.

(3) Aksè nan Zòn ki pa an Sekirite

- (a) Founisè a dwe itilize baryè apwouve pou limite aksè a tout zòn ki pa an sekirite, tankou men pa sèlman, fenèt, pisin, ma dlo, pui, recho bwa ak chabon, chemine, aparèy chofaj, gwo benwa ak jakouzi, yon lari ki gen anpil trafik oswa pakin, machin oswa zouti danjere, ak risk ki asosye a move tan ak anviwònman an.

- (b) Tout fenèt ak pòt an vit ki aksesib pou timoun yo dwe gen ladan ekran sekirize ki an bon eta. Fenèt ki itilize pou vantilasyon yo dwe byen bare avèk pwoteksyon fenèt oswa lòt mwayen pou anpeche timoun yo blese, oswa louvri anlè.
- (c) Founisè k ap sèvi timoun ki poko gen twa ane yo, dwe mete baryè apwouve anlè ak anba eskalye ki louvri nan zòn timoun yo itilize, sof si règleman bilding oswa depatman ponpye yo entèdi sa.
- (d) Chak fwa pisin yo pa itilize, yo dwe vin inaksesib pou timoun yo gras a itilizasyon kloti, pòtay ki lòk poukont yo, oswa lòt baryè apwopriye pou aksè timoun. Tout gwo benwa, kit yo andedan oswa deyò, dwe inaksesib pou timoun yo.
- (e) Galri ak teras ki a plis pase twa pye de sòl la dwe antoure pa yon barikad pwoteksyon. Eskalye galri ak/oswa teras yo dwe bare an tout sekirite chak fwa galri oswa teras la itilize pa timoun ki poko gen twa ane. Barikad yo dwe solid epi konstwi yon fason ki pral anpeche yon timoun piti pase anba, anlè, oswa atravè yo.

(4) **Objè Danjere ak Sibstans Toksik**

- (a) Objè danjere, tankou men pa sèlman, alimèt, laytè, materyèl toksik, objè file, sache plastik, pwodui kosmetik, debri, vè kase, ti fragman, penti dekale, dezodorizan, kèk founiti atizay, oswa ti objè ki ta ka prezante yon risk etoufman pou timoun yo dwe retire ak/oswa vin inaksesib pou timoun yo tout tan.
- (b) Sibstans toksik, tankou, men pa sèlman, pwodui netwayaj pou kay, dezenfektan, detèjan, pestisid, sèl wòch, vèni pou planche ak mèb, ak klowòks yo dwe retire oswa estoke kote je pa wè yo, pa menm kote avèk manje ak medikaman, fèmèn epi inaksesib pou timoun yo tout tan.

(5) **Zam afe**

- (a) Zam afe yo dwe kenbe dechaje epi swa estoke nan yon kabinè fèmèn oswa ekipe ak yon blokaj deklanchman epi estoke nan yon espas ki an sekirite, ki pa aksesib pou timoun yo.
- (b) Minisyon yo pa dwe estoke menm kote avèk zam afe yo, swa nan yon kabinè fèmèn oswa nan yon kote ki an sekirite, ki inaksesib pou timoun yo.

(6) **Fimen, Dwòg, ak Itilizasyon Alkòl**

- (a) Tout moun ki prezan nan espas gadri ak/oswa avèk timoun gadri pa dwe fimen, itilize, oswa anba enfluyans dwòg oswa alkòl pandan lè gadri.

9.07 Siveyans Apwopriye ak Prevansyon Move Tretman

(1) **Siveyans**

- (a) Founisè a dwe egzèse siveyans aktif tout timoun, ki apwopriye pou laj yo ak nivo devlopman yo epi pou asire sante ak sekirite yo tout tan. Sipèvizyon sa a dwe gen ladan, men pa sèlman, aktivite andedan ak deyò, repa, lasyès, ak transpò.
 1. Founisè yo pa dwe kite yon timoun san siveyans sou yon chèz tibebe, sou yon tab pou chanje, oswa okenn lòt sifas ki ta ka lakòz yon chit;

2. Founisè yo dwe konnen sa timoun yo ap fè nan tout tan epi yo dwe a yon distans ki pèmèt yo entèvni rapidman lè sa nesèsè;
 3. Founisè yo dwe pozisyon pou maksimize kapasite yo pou wè ak/oswa tandè timoun y ap bay swen yo; epi
 4. Founisè yo pa dwe angaje yo nan okenn lòt aktivite oswa travay ki ta ka detounen atansyon yo san nesèsite sou siveyans timoun yo.
- (b) Timoun ki poko gen sis mwa yo dwe anba siveyans dirèk tout tan.
- (c) Yo dwe siveye timoun yo dirèkteman ak aktivman tout tan pandan aktivite ki enplike dlo, tankou benwa, pisin, douch, ma dlo.

(2) Pratik ki Entèdi

- (a) Pratik sa yo entèdi estrikteman:
1. tape timoun yo ta oswa bay lòt pinisyon kòporèl;
 2. mete timoun yo anba pinisyon kriyèl oswa sevè tankou imilyasyon, vyolans vèbal oswa fizik, neglijan, oswa move tretman tankou tout kalite kou fizik ki enflije nan nenpòt fason sou kò a, souke, menas, oswa remak dezagreyab;
 3. prive timoun yo de tan deyò, manje oswa ti goute; fòse timoun yo manje oswa fè yo manje kont volonte yo, oswa nenpòt fason nan itilize manje kòm yon konsekans;
 4. sanksyone yon timoun pou salte, mouye, oswa pa itilize twalèt la; fòse yon timoun rete ak rad sal oswa rete nan twalèt la, oswa nan itilize lòt pratik dwòl oswa eksèsif pou twalèt la;
 5. limite yon timoun nan yon balansin, chèz wo, bèso, pak oswa nenpòt lòt ekipman pou yon peryòd tan pwolonje *olye* yo siveye li; epi
 6. twòp tan izòlman. Tan izòlman pa ka depase yon minit pou chak ane laj timoun nan epi li dwe fèt anba je yon Founisè.

(3) Rapò Obligatwa

- (a) Tout fòm abi oswa neglijan anvè timoun pandan yo nan swen entèdi estrikteman.
- (b) Chak Founisè Swen Timoun se yon rapòtè obligatwa dapre MGL c. 119, § 51A epi li dwe fè yon rapò bay DCF chak fwa li gen motif rezonab pou kwè yon timoun ki nan swen ap souffri ak blesi fizik oswa emosyonèl grav akòz abi yo fè timoun nan, tankou, men pa sèlman, abi seksyèl, oswa neglijan, tankou, men pa sèlman, malnitrisyon, kèlkeswa kote abi a oswa neglijan la te ka rive epi kèlkeswa moun ki fè l la. Lè yo resevwa akizasyon abi oswa neglijan, Depatman an pral ankete sou akizasyon yo fè kont Founisè a.

9.08 Gwosè Gwoup la ak Rapò Granmoun-Timoun

(1) Rapò Granmoun-Timoun ak Kapasite

- (a) Founisè a pa dwe pran swen plis pase senk timoun nan okenn moman.
- (b) Nan kapasite senk, yo ka pran swen plis twa timoun ki poko gen de ane, a kondisyon omwen youn nan timoun yo gen kenz mwa epi mache poukont li. Tout lòt timoun yo dwe gen plis pase vennkat mwa.

- (c) Tout timoun ki nan swen yo dwe gen rapò youn ak lòt epi viv nan rezidans kote swen an ap bay la. Eksepsyon pou sa a ta dwe si Founisè a t ap pran swen pwòp pitit li tou. Si pwòp pitit Founisè a pral prezan, yo konte nan kantite total timoun ki nan swen yo.

9.09 Transpò:

(1) Plan transpò, politik, ak pwosedi an plas

- (a) Founisè a dwe gen konsantman paran alekri pou transpòte timoun ki nan gadri.
- (b) Founisè a dwe gen yon lisans chofè ki ajou, valid ak yon anrejistreman machin pou machin li itilize pou transpòte timoun ki nan gadri yo.
- (c) Founisè a dwe pran dispozisyon apwopriye pou sekirite transpò sou chak machin pandan transpò a, tankou, men pa sèlman, yon twous premye swen, yon mekanis fonksyonèl pou fè apèl telefòn ijans, ak yon kouto senti sekirite.
- (d) Chèz machin apwopriye, pòt-bagaj, dispozitif imobilizasyon oswa senti sekirite yo dwe itilize pa chak timoun, chofè ak akonpayatè nan tout machin yo. Tout dispozitif imobilizasyon nan machin yo dwe satisfè direktiv Federal Egzijans Sekirite Veyikil a Motè Depatman Transpò Etazini epi yo sibi "tès aksidan" epi apwouve pou timoun.

9.10: Kenbe Dosye

(1) Kenbe dosye konplè ak egzat - dosye timoun yo

- (a) Founisè a dwe kenbe yon dosye konplè, egzat, ak konfidansyèl pou chak timoun ki ta dwe disponib imedyatman pou Founisè a (ki ta dwe gen konsantman paran/responsab legal la pou gen aksè nan dosye yo), paran/responsab legal timoun nan, ak anplwaye EEC sou demann.
- (b) Dosye endividyèl pou chak timoun dwe gen ladan:
 1. Moun pou Kontakte nan Ka Ijans;
 2. Enfòmasyon Kontak Doktè Timoun nan, tankou, adrès, ak nimewo telefòn;
 3. Enfòmasyon sou alèji, rejim espesyal, pwoblèm sante kwonik, oswa tout limit espesyal oswa enkyetid, tankou medikaman ak efè segondè posib medikaman sa yo;
 4. Prèv alekri yon doktè oswa yon enfimyè pratikan ki sètifye chak timoun te resevwa tout vaksinasyon ki apwopriye pou laj li;
 5. Konsantman pou transpò, si sa aplikab;
 6. Pèmasyon pou administre premye swen debaz ak CPR;
 7. Pèmasyon pou administre tretman medikal ijans; epi
 8. Pèmasyon pou patisipe nan aktivite andeyò sit la.

(2) Kenbe dosye konplè ak egzat – Dosye Founisè

- (a) Founisè a dwe kenbe yon dosye konplè ak egzat ki ta dwe fasilman disponib pou anplwaye EEC yo, sou demann. Dosye a dwe gen ladan prèv Founisè a te:
 1. gen yon egzamen fizik yon ane anvan li pran swen timoun yo epi yo te pran vaksen an dapre rekòmandasyon Depatman Sante Piblik la;

2. fè verifikasyon pase li jan règleman (606 CMR 14.00 et seq.) ak politik verifikasyon pase EEC yo egzije sa;
3. kenbe sètifikasyon CPR Premye Swen ak Pedyatrik yo ajou; epi
4. swiv tout fòmasyon sou sante ak sekirite ki nesèsè anvan sèvis ak fòmasyon kontinyèl.

9.11 Notifikasyon Obligatwa

(1) Politik notifikasyon an plas

- (a) Founisè a dwe avize paran yo imedyatman sou tout blesi, akizasyon abi oswa neglijan, premye swen minè yo administre, idantifikasyon yon maladi transmisib oswa maladi, entwodiksyon bèt kay, oswa itilizasyon èbisid oswa pestisid (anvan yo itilize, chak fwa sa posib).
- (b) Founisè a dwe notifie EEC, an konfòmite ak egzijans EEC yo, tankou sa ki annapre yo:
 1. Notifie Depatman an imedyatman sou lanmò yon timoun ki rive pandan timoun sa a nan swen, oswa akòz yon blesi oswa evènman ki te rive pandan timoun nan te nan swen; nenpòt blesi sou nenpòt timoun ki rive pandan èdtan yo pandan timoun sa a nan swen epi ki mande pou li entène lopital oswa resevwa tretman medikal ijans; maladi kontajye yon timoun ki se yon maladi ki dwe deklare jan Divizyon Kontwòl Maladi Transmisib yo, Depatman Sante Piblik defini sa; nenpòt ki lè yon zam afe antre nan kay la; nenpòt erè medikaman ki te rive pandan timoun nan nan swen an; ak nenpòt aksidan ki enplike transpò timoun lè se Founisè ki bay transpò sa a.
 2. Rapòte bay Depatman an, alekri, nan lespas senk jou apre kòmansman nenpòt pwosedi legal ki angaje kont Founisè a si pwosedi sa a rive soti nan sikonstans ki gen rapò ak swen timoun yo.
 3. Notifie Depatman an pa telefòn nan lespas 24 èdtan nan ka gen yon ensidan nan lokal swen pou timoun ki lakòz yo fè rapò bay responsab aplikasyon lalwa yo oswa yon entèvansyon pa depatman ponpye a (eksepte yon fo alèt) epi ki ta ka gen enpak sou sante, sekirite, ak/oswa byennèt timoun ki nan swen, oswa nan ka arestasyon yon Founisè oswa moun ki regilyèman nan lokal swen pou timoun yo.
 4. Notifie Depatman an imedyatman apre yo fin depoze oswa aprann yo te depoze yon rapò 51A ki fè akizasyon abi oswa neglijan anvè yon timoun pandan l nan swen Founisè a oswa pandan yon aktivite ki gen rapò ak swen timoun epi imedyatman apre yo fin aprann yo te depoze yon rapò ki site non Founisè a oswa moun ki regilyèman nan lokal swen pou timoun yo (tankou manm fwaye yo) yon prezime otè abi oswa neglijan anvè yon timoun.

9.12 Fòmasyon ak Kalifikasyon Founisè a

(1) Fòmasyon ak Kalifikasyon Founisè a

- (a) Founisè a dwe kenbe ajou sètifikasyon CPR Premye Swen ak Pedyatrik ak, an konfòmite ak politik EEC yo.
- (b) Founisè a dwe te swiv tout fòmasyon obligatwa EEC Essentials 2.0, an konfòmite avèk politik EEC, tankou:
 1. Repons pou Ijans
 2. Sekirite Alimantè
 3. Materyèl Danjere
 4. Entwodiksyon nan Premye Swen ak CPR

5. Administrasyon Medikaman
 6. Prevansyon Disparisyon Timoun
 7. Sekirite nan Lokal Fizik yo
 8. Prevansyon ak Kontwòl Maladi ki Transmèt Fasilman yo
 9. Prevansyon Sendwòm Tibebe Souke
 10. Pwoteje Timoun yo kont Abi ak Neglijans
 11. Pratik Dòm an Sekirite
 12. Transpòte Timoun yo an Sekirite
 13. Entwodiksyon nan Kwasans ak Devlopman Timoun
- (c) Founisè a dwe swiv pake Resiklaj EEC Essentials la chak ane.

9.13 Verifikasyon Pase

(1) Verifikasyon Pase

- (a) Founisè a dwe gen yon pase ki pa gen konpòtman ki afekte negativman kapasite li pou bay sekirite ak byennèt pou yon timoun, dapre politik Depatman an.
- (b) Yon Founisè finanse dwe ranpli tout pwosesis BRC a avèk yon konklizyon apwopriye anvan li ka gen aksè san siveyans a timoun yo epi jiskaske li satisfè egzijans ki idantifye nan 6.13(1) (a) ak 606 CMR 14.00 et seq. yo.

9.14 Aplikabilite ak Aplikasyon

(1) Aplikabilite ak Aplikasyon

- (a) Egzijans Konfòmite yo reflekte estanda debaz pou bay sèvis swen timoun sibvansyone pou timoun ki nan swen Founisè Swen Timoun Enfòmèl ki sijè a apwobasyon finansman pa Depatman an. Apwobasyon pou finansman pa Depatman an pa dwe retire obligasyon Founisè yo genyen pou konfòme yo avèk tout lòt egzijans legal oswa reglemantè leta oswa federal ki aplikab oswa ki defini nan kontra yo ak ajans leta yo. Chak fwa sa posib, lòt egzijans legal, ak kontra sa yo dwe entèprete nan yon fason ki konfòm ak Egzijans Konfòmite yo.
 1. Nenpòt anlwaye nan Depatman an ka, nenpòt lè ki rezonab, vizite ak enspekte nenpòt Founisè finanse oswa nenpòt lokal kote yon Founisè bay swen ki sijè a apwobasyon finansman pa Depatman an, pou detèmine si lokal sa yo oswa Founisè a respekte Egzijans Konfòmite yo. Nenpòt anlwaye nan Depatman an ka fè demann ransèyman aloral ak/oswa alekri pou detèmine si yon Founisè finanse ap bay swen pou timoun an konfòmite avèk Egzijans Konfòmite ki deziyen yo.
 2. Yon anlwaye nan Depatman an ka vizite ak enspekte nenpòt lokal yon Founisè itilize pou bay swen finansye pou timoun lè li resevwa yon plent oswa akizasyon konsènan konfòmite ak Egzijans Konfòmite yo. Vizit sa yo pral fèt nenpòt lè ki rezonab, pou detèmine si yon timoun an danje ak/oswa si yo bay swen pou timoun sa yo an konfòmite avèk tout Egzijans Konfòmite ki aplikab pou Founisè sa yo.
 3. Founisè a dwe rann disponib tout enfòmasyon Depatman an mande pou detèmine konfòmite avèk tout egzijans ki aplikab pou Founisè ki finanse yo, nan bay aksè a lokal swen pou timoun, dosye, ak enfòmasyon sou swen timoun.
- (b) Chak fwa Depatman an konstate, pandan enspeksyon oswa atravè enfòmasyon ki nan posesyon li, yon Founisè finanse ak/oswa lokal yo itilize pou bay swen pou timoun sibvansyone pa konfòmite li avèk Kondisyon Konfòmite yo, Depatman an ka mande Founisè a korije tout sa ki pa konfòm yo, jan sa presize nan yon Plan Aksyon Korektif.

1. Plan Aksyon Korektif la dwe gen ladan yon deklarasyon obsèvasyon epi endike ki Egzijans Konfòmite Founisè a pa respekte. Plan Aksyon Korektif la ta dwe preskri peryòd tan pou koreksyon, ki ta dwe rezonab, tou depann de nati sa ki pa konfòm ki site yo ak tan ki nesèsè pou koreksyon yo.
 2. Lè peryòd tan ki preskri nan yon Plan Aksyon Korektif ekspire, yon anplwaye Depatman an ki otorize kòmsadwa pral detèmine konfòmite avèk lòd sa a lè li vizite lokal yo itilize pou bay swen timoun sibvansyone, revize dokiman, ak/oswa verifye konfòmite atravè kèlkeswa lòt mwayen Depatman an konsidere apwopriye.
 3. Depatman an ka anile kalifikasyon Founisè ki finanse a pou finansman nan ka yo idantifye mank konfòmite siyifikatif ak Kondisyon Konfòmite sa yo, oswa Founisè ki finanse a pa reyisi korije mank konfòmite yo idantifye nan peryòd tan espesifik la.
- (c) Depatman an dwe rann piblik rezilta rapò siveyans ak enspeksyon ki gen rapò ak konfòmite ak/oswa vyolasyon kondisyon CCDBG ak politik EEC yo pa founisè a.